Linga wara def boo amee COVID-19

JÀANGAL NINGA WARA JAPPALEE SA BOPPU AK ÑENEEN ÑI CI BIIR KËR GI.

Lan mooy maandargay COVID-19?

- Amna ay maandarga yu bari, tambaleeko ci yu oyof ba yu tarr. Amna ay nit yu amul benn maandarga.
- Maandarga yi gënë feeñ mooy yaram wuy tàng walla muy lox, ak sëqët, ak appaat walla jafejafey noyyi, ak coono, ak yax yuy meti, ak bopu buy meti, ak ñakk cafka walla gemmeñ gu lewet, ak baat buy meti, ak bori walla bakan buy sotti, ak xel muy teey walla waccu, ak biir buy daw.

Kan moo àm ay risk yu rëy yu aju ci jàngoroy COVID-19?

- Ci muskallaf yi, riskup yu rëy yi dafay yokku ci lu àt yi di gënë yokku, ñi gën di jëm màk ñooy gën di feebar.
- Nit ñi ci seen wallu waasoo, ak seen wallu xeet (luci melni boroom der yu ñuul yi, ak latino yi ak mbooloo yafa njëkkë dëkk) buñu sukkëndikoo ci seen wallu koom bu tolloowul ak seen wallu wergi yaram.
- Ay nit ci àt yunek yu àm ay jafejafey wergi yaram, yu melni:
  - Kaanseer
  - Jàangoroy roño gu tarr
  - Jàangoroy xëtër gu tarr
  - Feebaru xel ak yeneen jàangoroy boppu
  - Jabeet
  - Jàangoroy xol
  - VIH
  - Yaram wu bari
  - Derepanositoos
  - Kaaraange yaram gu wayaf

Làn laay def suma amee ay maandargay COVID-19?

- **Toogal sa kër!** Bul genn sa kër, ludul ni dangay def testu saytu COVID-19 ak yeneeni mbiri wergi yaram ak ay soxla yu munul ñakk, walla dem jëndi ci bitik ba, bu fekkee ni kenn munulakoo dem jëndëli. Bul dem ci sa bërëbu ligéey kaay, doonte ligéey kat bu am solo nga.

- **Jookkool ak sa fac kat!** Jëfëndikool sa telefon walla telewergi yaram saa bu jappandee.

- **Nañla teste!** Bu fekkee ni sa fac kat du def ay test, demal ci **nyc.gov/covidtest** walla nga woote ci **311** ngir nga gi benn bërëbu test bu jege finga dëkk. Ay siit yu bari dañuy maye ay test.

- **Wooteel 911 ci boo amee lu jàmpu!** Boo amee ay jafejafey noyyi, ay metiit walla xatuk dën, walla nga jaxasoo walla nga baña mana took dal, walla say tuñ walla sa xar kanam buloo, walla nga àm beneen jafejafe gu jàmpu demal hopitaal walla nga woote **911** lu gaaw.

- **Boo waree took sa kër:**
  - Moytul bërëb yi mbooloo yi di daje.
  - Soreel ak nit ñi lu tollook 6 pie.
  - Nanga tàkk mask.
  - Raxasal say yoxo tangay diwoo seel.

Bu fekee ni sa testu saytu jaangoroy COVID-19 dafa positif, man nañlaa yobu ci benn saantar ngir fac ci ay antikoor monokolono, ndax dañuy waññi say màandarga te tamit dafalay may kenn dula antare hopitaal. Fac mi dafay gënë baax bu fekkee ni dañkoo amal ci lu yaggul dara gannaaw njëlbeenuk maandargay COVID-19 yi. Kon amna solo lool nga amal ak saytu wergi yaram ci lumu gënë gaaw. Liral **"Monoclonal Antibody Treatment for COVID-19"** (faj mi ci antikoor monokolono ngir xeex COVID-19) te nga waxtaan ci ak way kër doktoor ngir nga àm ay leeral yu gën yaatu.

Bufekkee ni dangaa àm ay maandarga walla ñu testela nga positif COVID-19 tenga dëkak yeneeni nit:

- Nanga soriyantoo ak nit ñoom:
  - Bula kenn seet si.
  - Soreel ak nit ñi lu tollook 6 pie. Nanga took ci néek bu soree su manee nekk.
  - Booy nelaw ak nit ci lal, nangeen juuyoo boppu ak tànk walla bu amee kuy nelaw ci kanaape bi.
  - Aji feebar yi nangeen leen soreel ak ñeneen ñi, luci mel ni buñu amee ay risku jaangoroy COVID-19 yu tarr.
  - Xalaatal dal cip hotel te doo fay dara ci jamonoy COVID-19. Demal ci **nyc.gov/covid19hotel** walla nga woote ci 844-692-4692.
- Takkal mask:
  - Takkal mask boo nekkee ak yeneeni nit ci benn néek (ñeneen ñi tamit dañoo wara takk seen mask).
  - Booy sëqët walla ngay tisli nanga muur sa gemmeñ ak sa yeere walla sa loxo.
- Nanga fexe mu set:
  - Nanga sanni musuwaar bi ci lu gaaw ci mbalit mi bingako jëfëndikoo ba pare.
  - Nangay faral di raxas say yoxo ak ndox ak saabu ci lu tollook 20 segoondu, bu fekkee ni dangaa sëqët walla nga tisli.
  - Jëfëndikool alkool walla séel ci say yoxo bu fekkee ni manooko raxas.
  - Nangay faral di raxas bërëb yingay laal, luci mel ni loke buntu, kontagu laampu, robine yi, telefon yi walla komaand yi.
  - Nanga raxas sarbet yi, ak darap yi ak yeere yi ci ndox mu gënë tàng ak say raxasukaay yingay faral di jëfëndikoo te nga weerleen bañu wow.
  - Bul abalante ay ndabi lékk ak ñeneen ñi, tenga leen di raxas saa booleen jëfëndikoo ba pare.

Kañ laay mama géenn sama kër gannaaw bama feebaree?

Bu fekkeeni danga feebaroon, togal sa kër ba lii ñuy waaja tuddu yepu àm:

- Sa maandarga yi dafa tàmbali ci lu jege 10 fàn
- Sa yaram tàngul ci liko dale 24 waxtu te fekk ni jëloo benn garabi kër doktor
- Sa jàangoro dafa gënë yokku

Bo jotee ab resultaa bu poositif ci testu saytu jàangoroy COVID-19 jaareko ci say tufliit, te fek ni musoo àm ay mandarga, toogal ci 10 fàn tenga boole ci bes binga def test bi.

DANGAA SOXLA NDIMBËL?

Bo amul ab faj kat waaye soxla nga benn, wooteel ci 844-692-4692. Dëkkup New York City dafy maye am paj, te du xool ndax way tukki nga wall ndax man ngaa fay.

Bo bëggee àm yeneeni leeral ci COVID-19, wooteel ci **311** walla nga dem ci **nyc.gov/coronavirus**.

Nanga waccinewu! Ñakku bi mooy yoon wu gene baax ngir aar la, yaw ak sa njaboot ci jaangoroy COVID-19 bu tarr bi, ci antarek hopitaal walla faatu. Man nga ñakkuwaat doonte dangaa amoon jàangoroy COVD-19 ngir nga fagaru ba dootooko amaat. Bo bëggee àm yeneeni leeral ci ñakk yi, demal ci **nyc.gov/covidvaccine**

Serwiisu Wergi yaram bu NYC mannaa amal ay copite sukkëndiko ko ci situasion bi. 6.4.21

NYC Health